# ФИЛОЛОГИЯ

УДК 821 (470+571), 09
https://doi.org/ 10.47928/1726-9946-2026-26-1-97-103
JVGKTF
Научная статья

# IутIыж Борис и творчествэм теухуа гупсысэхэр (Особенности и своеобразие творчества Утижева Б.)

**Хъ. И. БакIуу**

*Институт гуманитарных исследований Кабардино-Балкарского научного центра РАН, Нальчик, Россия*
*h.bakov@mail.ru*

**Аннотация.** В статье рассматривается многогранное творчество выдающегося кабардинского драматурга, поэта, писателя, публициста под углом выявления особенностей поэтики, стиля, национального своеобразия. После вводной части, в которой дается краткая характеристика творческой биографии Б. Утижева и определения места писателя в адыгском литературном процессе основная часть отводится выявлению вопросов новаторства писателя во многих жанрах в которых он выступал в течение длительного времени как поэт, писатель, драматург, журналист, публицист. Речь в статье идет о богатстве и новизне сонетов Бориса Утижева, высоко оцененных критиками и литературоведами. Известное внимание уделено и достижениям Б. Утижева как художника, что отразилось в его драматургии. Выявлена особенность автора, сочетающего иногда в одном произведении элементы лирики, эпоса и драматургии, что встречается редко и в российском литературном процессе, у таких классиков, как А. Твардовский, В. Луговской, Ю. Марцинкявичус. Особенное внимание в статье уделено вопросам мастерства поэта, богатству языка автора и языка персонажей в драматургии, новизне эпитетов, сравнений, олицетворений, метафор. Обширна и публицистика, посвященная проблемам родного языка, литературы, театра, искусству в целом. Не обойдены и критические статьи автора. В заключении приводится мысль о том, что творчество Б. Утижева надолго будет востребовано в практике школ и вузов, в которых преподается адыгская словесность. Даны также некоторые рекомендации для тех, кто обращается к исследованию творчества Б. Утижева.

**Ключевые слова:** философская лирика, сонет, рассказ, новелла, автор, публицистика, искусство, жанр, строфа, медитатив.

**Финансирование.** Работа не выполнялась в рамках фондов.

**Конкурирующие интересы.** Конфликтов интересов в отношении авторства и публикации нет

**Авторский вклад и ответственность.** Автор участвовал в написании статьи и полностью несет ответственность за предоставление окончательной версии статьи в печать.

**Для цитирования.** *БакIуу Хъ. И.* IутIыж Борис и творчествэм теухуа гупсысэхэр (Особенности и своеобразие творчества Утижева Б.) // Доклады АМАН. 2026. Т. 26, № 1. С. 97–103. DOI: https://doi.org/10.47928/1726-9946-2026-26-1-97-103; EDN: JVGKTF

© Баков Х. И., 2026

Контент доступен под лицензией Creative Commons Attribution 4.0 License.

# PHILOLOGY

UDC 821 (470+571), 09 Original article

## Boris Utizhev and the Characteristics and Uniqueness of B. Utizhev's Work

**Hangeri I. Bakov**

*Kabardino-Balkarian Institute for Humanitarian Research, Nalchik, Russia*
*h.bakov@mail.ru*

**Abstract.** This article examines the multifaceted work of this outstanding Kabardian playwright, poet, writer, and publicist from the perspective of identifying the characteristics of his poetics, style, and national identity. Following an introductory section that briefly describes B. Utizhev's creative biography and defines the writer's place in the Adyghe literary scene, the main section explores the writer's innovations in the many genres he explored over a long period of time as a poet, writer, playwright, journalist, and publicist. The article discusses the richness and originality of Boris Utizhev's sonnets, which have been highly praised by critics and literary scholars. Considerable attention is also given to B. Utizhev's achievements as an artist, as reflected in his dramaturgy. The author's distinctive ability to combine elements of lyricism, epic poetry, and drama in a single work is highlighted, a rare occurrence even in Russian literary history, as seen in such classics as A. Tvardovsky, V. Lugovskoy, and Y. Marcinkevičius. The article focuses particularly on the poet's mastery, the richness of the author's language and the language of his characters in his dramaturgy, and the novelty of epithets, similes, personifications, and metaphors. Extensive journalism is also devoted to issues of native language, literature, theater, and art in general. The author's critical articles are also included. The conclusion suggests that B. Utizhev's work will long be in demand in schools and universities that teach Adyghe literature. Some recommendations are also provided for those who are considering researching B. Utizhev's work.

**Keywords:** philosophical lyrics, sonnet, story, novella, author, journalism, art, genre, stanza, meditation.

**Funding.** The work was not carried out within the framework of funds

**Competing interests.** There are no conflicts of interest regarding authorship and publication.

**Contribution and Responsibility.** The author participated in the writing of the article and is fully responsible for submitting the final version of the article to the press.

**For citation.** *Bakov H. I.* Boris Utizhev and the Characteristics and Uniqueness of B. Utizhev's Work. Adyghe Int. Sci. J. 2026. Vol. 26, No. 1. Pp. 97–103.
DOI: https://doi.org/10.47928/1726-9946-2026-26-1-97-103; EDN: JVGKTF

© Bakov H. I., 2026

This work is licensed under a Creative Commons Attribution 4.0 License.

**Введение.** Хэзыгъэгъуазэм деж кIэщIу белджылы дощIыр IутIыж Б. щIэ гуэр зыхилъхьа жанрхэр, статьям деж нэхъыбэу зи гугъу тщIынухэр. Ахэр хэтщ и усыгъэхэми, прозэми, драматургиеми. Щхьэхуэу къытеувыIэну къэлъытащ адыгэ литературэм деж псом япэ абы хигъэхьа, къигъэсэбэпа прозэу тха усэ жыхуаIэ жанрыр, ахэм я цIэр къыдоIуэр, я ухуэкIэм и гугъу дощIыр.

**Материалы и методы.**

Iэмалу статьям къыщыгъэсэбэпар эстетикэм и пкъым ит анализырщ, зэгъэпщэныгъэрщ, тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэр литературэ псом и контекстым иту тепсэлъыхьынырщ. Псом япэ IутIыж Б. и творчествэр къызэрыщIидзар усэщи, статьям дежи япэу къызэрыщIэддзэр абы и жанрхэрщ. АдэкIэ хронологием тету зэпкъырыхащ адрей жанрхэри.

Материалу къэдгъэсэбэпар нэхъыбэу авторым и текстхэрщ. Абы нэмыщкIэ щIыпIэ щхьэхуэ яубыдащ тхакIуэм теухуауэ нэгъуэщI щIэныгъэлIхэм, критикхэм хужаIа гуэрхэри, теорием къигъэув мардэхэм щыщ еплъыкIэхэм щыщ Iыхьэхэри. Псом хуэмыдэу жанрхэм я ухуэкIэхэм я гугъу щащI къэхутэныгъэхэр. Ар къызыхэкIар езы IутIыжым къигъэсэбэпа жанрхэм я ухуэкIэ зэриIарщ, абыхэм теорие елъытакIэ зэригъэбэгъуарщ.

IутIыж Борис адыгэбзэм, зэрыщыту псори къапщтэмэ, ди культурэм хуищIа хэлъхьэныгъэр къэлъытэгъуейщ. Сэ сызэреплъымкIэ, ар ебгъапщэ хъунущ Ломоносовым урыс тхыдэм хуилэжьам.

Псалъэм папщIэ, Ломоносовым Германием къригъэхырти Урысейм къигъэхьырт нэмыцэ усакIуэхэм яужь къыщIихуу итха одэхэр, итIанэ, нэмыцэ химыкхэмрэ физикхэмрэ я къэхутэныгъэхэр кууэ иджырти, ахэр и лэжьыгъэхэм къызэрыщигъэсэбэпыным яужь итт. IутIыжри, Куржым аспирантурэм щыщIэсам, грузин художник-чеканщикхэм я деж куэдым щыхуеджащ, икIи абы иужькIэ ищIащ адыгэ гъащIэм, тхыдэм, мифхэм, езым итха и трагедиехэм ятеухуауэ жэзым тещIыхьа сурэт гъуэзэджэхэр.

IутIыжым ди литературэм щIэуэ зыкъом хилъхьащ. Ар литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэрт – эпосми, драмэми, лирикэми. Абыхэм я Iэмалхэр зы тхыгъэм щызэдигъэлажьэрт. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм литературэм куэдрэ ущыхуэзэркъым. Гринберг И. зэритхыгъащи: «Къыщыхъу щыIэщ зы усакIуэм лирикэри, эпосри, уеблэмэ, драмэри щызэхиухуанэ» [1, с. 5]. Критикым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэу щытащ Луговский В., Твардовский А., Марцинкявичус Ю. сымэ. Абыхэм ябгъэдэбгъэувэ хъунущ IутIыжри.

Сыт хуэдэ жанр къигъэсэбэпами тхакIуэм сюжет хьэлэмэт къызэригъуэтым имызакъуэу, къэхъукъащIэхэр къызэриIуатэ Iэмалхэр щIэщыгъуэ ищIырт, зэрытха бзэр къулейт, адыгэбзэм и фразеологием зригъэужьырт. Аращ адыгэ литературэм псом япэу «усэкIэ тха прозэ» жанрыр къыхэзыгъэхьар. Философие лъабжьэ иIэщ IутIыжым и лирикэм щыщ усэ зыкъомым, ахэм философие еплъыкIэ фащэ яIэщ. Мыбдеж къиIуапхъэщ «ХъуаскIэхэр» зыфIища сатыр плIырыплIу тха циклыр. Апхуэдэ жанрыр урыс поэзием «къихьэхуащ». Европей литературэм деж, [2, с. 48], Кавказ литературэхэри зыкъомкIэ дэплъеящ урыс усакIуэхэм. УсакIуэм и еплъыкIэм зыщиужьащ Гамзатов Р., КIыщокъуэ А., Кулиев Къ. сымэ я творчествэм. Абыхэм пащащ адыгэ усакIуэ къыкIэлъыкIуэ щIэблэм щыщхэу: IутIыж Б., Бещтокъуэ Хь., Бемырзэ М., Дыгъужь Къу., Мыкъуэжь А., БицIу А. сымэ.

IутIыжым философие гупсысэ зыщIилъхьахэр сатыритI, сатыриплI хъу строфахэрщ. Философие гупсысэхэкIэ яуххэр басняхэр, сонетхэр. УсакIуэм псалъэ къызэрыгуэкIхэмкIэ образ щIэщыгъуэ къегъэщIыр, философие куу зыщIэлъ теплъэгъуэ ди нэгу къыщIегъэувэр:

*Зеплъыхьри щылъщ сабий махуищ мыхъуар,*
*Илъагъу дунейр зищIысыр къыхуэмыщIэу.*
*Гупсысэу йоплъ дуней жьы дыдэ хъуар*
*И куэщIым къралъхьа упщIэ нагъыщэм.*

IутIыж Борис и сонетхэм пщIэшхуэ хуащIащ критикхэми тхылъаджэхэми, ауэ а жанрым хуэлажьэу щыщIидзар 90 гъэхэрщ, езыр усакIуэ нэс хъуа нэужьщ. Псоми зэращIэщи, сонетыр нэхъ ухуэгъуей жанырщ, узыфIэмыкIыжыну гугъущ «сонет Iэрамэ» къэбгъэщIыныр. Аращ адыгэ литературэм а жанрыр къэзыгъэсэбэпыр щIэмащIэр, литературэми къыщыхыхьар зыкъомкIэ гуваущ. Дауэ щытми, сонет хъарзынэхэр ятхащ Бэрэтарэ Хьэмид, Къущхьэ Нальбий (Адыгей), Бемырзэ Мухьэдин (Шэрджэс), Уэрэзей Афлик, Ацкъан Руслан, IутIыж Борис сымэ.

Борис и сонетхэр я темэкIэ зэхуэмыдэхэщ, ахэр къытрадзэт журналхэм, газетхэм, щхьэхуэу къыдэкIащ «Къудамэхэр тхылъым иту. Нэхъ куэдрэ зи цIэ ираIуэр. «Тхыдэ лIыжь кхъахэр уанэ темыхщи», жыхуиIэ, адыгэ тхыдэ гущIэгъуншэм теухуарщ. Япэрей строфар къыщIедзэр:

*Тхыдэ-лIыжь кхъахэр уанэтемыхщи,*
*Хуэмыухыжыр гъуэгуанэ кIуаджэщ.*
*Уеплъмэ – плъагъур пшагъуэ гу(ы)ихщи,*
*УзэплъэкIыжмэ, щыхупIэ бзаджэщ...*

Тхыдэр усакIуэм ирегъапщэр лIыжь кхъахэм, адыгэ тхыдэм и блэкIар – пшагъуэ гуиххэм, гъэщIэгъуэнщ къигъэсэбэп «кIуаджэ» псалъэ бзэм хэмытыжри. ЕтIуанэ строфам и IукIэри зэщIэжьауэ ещIыр IуэрыIуатэм и рифмэ ухуэкIэ, (тоникэм тетымрэ силлабэтоникэ иджырей усэм щытепщэмрэ зэгъусэ зэрищIым:

*Уоу, си лъэпкъ мащIэу гущIэм щызгъафIэ,*
*Зи фIыр зи Iейхэм къысхугуэмых,*
*Зэм хубоIэт уэ си гур мо уафэм,*
*Зэм щIыкъатиблкIэ гугъэр йодзых.*

КъыкIэлъыкIуэ строфам а рифмэ ухуэкIэр хэтщ. Мы Iэмалыр псом япэ ЩоджэнцIыкIу Алий хигъэхьэгъащ ди усыгъэм. IутIыж Борис и сонетхэм деж «ГъащIэ» псалъэм символ мыхьэнэ иIэ щищIащ. Абы гъащIэр ирегъапщэ: «кIуэцIырыбжэм», «бзэншэ тенджызым», «игъащIэкIэ екIуэкI шурылъэсым», «зэман жыгым пытIысхьэ бзум». ГъащIэр щыуэ гуэшауэ къыщегъэлъагъуэр едзыгъуищ драмэу.

Иджырей зэман мылъкум цIыхухэм я нэр къыщызыпхъуам теухуауэ сонет зыбжанэ итхащ IутIыж Борис. Абыхэм ящыщ зыр еухыр мы псалъэхэмкIэ:

*ЛIыщIэми пащтыхьми зызыхуагъэлъахъшэ*
*Тхъэм и тхъэжкIэ зэджэм и цIэр Ахъшэщ.*

Адыгэ псалъэжь «ФIы щIэи псым хэдзэ» жыхуиIэми нэгъуэщI мыхьэнэ пэщIегъэувэ: «Зедгъэсат фIы тщIэфу цIыхухэм ад-дэ пасэу, ауэ псым хэддзэфу зи зытхуемыгъасэ».

IутIыж Борис и сонетхэм я нэхъыбэр инджылыз сонет жыхуаIэ фащэрщ. Ар сатыритIкIэ еухыр, сонетым и мыхьэнэр къызэщIэзыкъуэкIэ. Абыхэм щыкуэдщ зэгъэпщэныгъэ, метафорэ, эпитет щIэщыгъуэ куэд, узэдащ рифмэ хъарзынэхэмкIэ. Шэч хэлъкъым абы сонет жанрым адыгэ литературэм зыщиужьыным куэд зэрыхуилэжьым.

IутIыж Борис драматург цIэрыIуэу щыта къудейкъым, атIэ итх трагедиехэр, комедиехэр зэрыгъэувын режиссурэми хищIыкIыу щытащ. Абы къыкIэлъыкIуащ сценарий ухуэными хуэIэзэ зэрыхъуар. Ди критикэм и гугъу имыщIауэ Борис къигъэнащ «Адыгэ

хабзэ» зыфIища фильмым теухуа сценарий. Ар къытрамыдзэу дунейм ехыжащ, ауэ ар 2009 гъэм тхылъ щхьэхуэу къыдэкIащ.

Мыр къыщIедзэр Псатхьэм адыгэхэм зэрызыхуигъазэ псалъэхэу ди тхыдэ гущIыхьэм теухуахэм, ди хэку дахэм бий куэд къызэрытхуишам. Ар ирегъапщэр бажэм и фэ дахэм зэрытекIуэдэжым. IутIыж Б. адыгэ хабзэм, абы зэрызиужьам, ар зытеухуа лъэпкъым и гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым зэрыхищIыкIыр убгъуауэ къыщигъэлъэгъуащ мы тхылъым. Удихьэхыу укъоджэр адыгэхэм хьэщIэм хуащI, кIэлъызэрахьэ хабзэхэм, езым жиIэм нэмыщIауэ абы теухуауэ хамэ цIыху цIэрыIуэхэм жаIахэр щапхъэу къихьурэ. ЩIыпIэ куэд еубыдыр цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэ я зэхущытыкIэм, унагъуэм, зекIуэм, хъуэхъухэм, сымаджэм зэрыщIэупщIэм, хьэгъуэлIыгъуэм нэгъуэщIхэм кIэлъызэрахьэм теухуахэм. А псор зэриухуэ Iэмалхэм и гугъу тщIынкъым, ауэ къыжыIэпхъэщ тхакIуэм адыгэм я тхыдэм кууэ зэрыхищIыкIыр.

Тхыдэм теухуауэ лъэхъэнэ жыжьэ дыдэ тегъэщIапIэ ищIри Борис итхащ «Эдип» трагедиер. Абы зезыпщытар дунейпсом и литературэм классикыу къыхэна Софокл, Сенека, Сакс, Вольтер. Мы пьесэр щагъэувам зыгуэрхэм къафIэщIащ трагедием и авторыр Борисыр армырауэ, е ар абы зэридзэкIауэ. Езы IутIыжым гукъанэ иIати, сэ а Iуэхур зэхэзгъэкIри статья къытездзэгъащ. [3, с. 144–152]. IутIыж Б. трагедием и автор къудейкъым, атIэ абы и сюжетым щIэуэ зыкъом хигъэхьащ япэ тетхыхьахэм емыщхьу, ахэм адыгэ драматурэр зэрабгъэдэувам, сюжет гугъум зэрыпэлъэщам щхьэкIэ фIыщIэ лей хуэфащэщ.

Грекхэм я тхыдэм имызакъуэу IутIыжыр тетхыхьащ адыгэхэм я тхыдэ жыжьэм къыщыщIидзэри. Псом нэхърэ абы и цIэр жыжьэ игъэIуащ «Тыргъэтауэ» трагедием. Адыгэ тхыдэм и лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм теухуащ трагедиехэу: Тыргъэтауэ, Дамэлей, Кушыкупщ, Мазэгъуэ, Лъыгъажэ жэщ. Тыргъэтауэ пьесэр 1990 гъэм хьэрыпыбзэкIэ зэрадзэкIри Дамаск деж къыщыдэкIащ тхылъ щхьэхуэу, Дамэлейр щагъэуващ Истамбыл, Къайсэр, Мерсин, Гексун я театрхэм, пьесэхэр щагъэуващ Ищхъэрэ Кавказ республикэм, Москва. Тыргъэтауэ пьесэр Iэтауэ ягъэува нэужь унафэщIхэм драматургыр «жыжьэIуэ адыгэ тхыдэм» зэIэбэкIауэ къащыхьури абы и къэгъэлъэгъуэныр къагъэувыIащ зыри хужамыIэу, къагъэувыIащ хьэзыр хъуа и япэрей тхылъри, «Мэзагъуэ» пьесэри, псалъэ макъ иращIылIащ «Эдип» трагедиеми.

А илъэсхэм драматургыр гугъу ехьу псэуами, и тхыгъэхэр унафэщIхэм Iумпэм ящIами, ар увыIакъым, псэемыблэжу литературэм хуэлэжьащ. Зэман дэкIри, и тхыгъэхэми яхуэфащэ пщIэ ягъуэтащ, езы IутIыжми и пьесэхэр дэни щагъэуву щIадзащ. Мы Iуэхур щыхьэт тохъуэр щIэр гугъуу гъащIэм зэрыхэмыхьэ хабзэм. IутIыжым прозэм и жанру къигъэсэбэпахэщ рассказыр, прозэу тха усэр, новеллэр. Ахэр езым къигъэщIа циклхэу, цIэ хьэлэмэт яхуищIахэу гуэшахэщ. И гупсысэ куэд къыщигъэлъэгъуащ «ГущIагъщIэлъхэр» зыфIища гупым. Абдеж терминхэм я цIэр зэрехъуэкIыр: искусствэр къелъытэр къабзагъэм и хэкуу, усэр гум къытраш телъыджэ IуданэкIэ ухуауэ, пэжыр пцIанэу уэрамым тету, псоми фIыуэ ялъагъуу, ауэ зыми и унэм иримыгъэблагъэу н. къ.

Рассказхэм деж гушыIэ темэр щытепщэщ, ахэр куэд мэхъур, я сюжетхэр гъащIэм къыхихащ, езы IутIыжри гъащIэм деж гушыIэрейуэ щытащ. Аращ гушыIэр и творчествэ псом щIыхэкIыр. Псом хуэмыдэу и комедиехэр цIэрыIуэ щIэхъуари аращ. Абыхэм къытращIыкIа пьесэхэм цIыхухэр уэру яшащ театрым. ЩакIуэ М. зэритхымкIэ: «Адыгэ комедиографием и налкъут-налмэсщ дыхьэгъ зыбжанэу зэхэлъ «Ажэгъафэ джэгухэр» (197) [4, с. 141–150].

Комедием и фащэ зэхуэмыдэхэу Борис къигъэсэбэпащ: водевиль, фарс, трагифарс – жыхуаIэхэр. Мыхэр игъэнщIащ уэрэдхэмкIэ (усэхэр езым итхащ), къафэхэмкIэ.

ГушыIэмрэ ауанымрэ куэдрэ зэхагъэзэрыхьыр, ар гъэщIэгъуэну зэхигъэкIащ IутIыж Борис:

*ГушыIэр – цIыхум и гъуэгу гъуэмылапхъэщ.*
*Ауаныр – ар гъащIэм и пщIантIэ жыхапхъэщ.*
*ГушыIэм къыредз ди гъуэгуанэм пкIэлъей.*
*Ауаным епхъэнкI, егъэкъабзэр дунейр [1, с. 6] .*

Критикэм щызэпкъырыхащ IутIыжым и комедием и нэхъыбэр, ауэ зыми жиIакъым абы и гушыIэхэм зыкъомкIэ лъабжьэ зэрыхуэхъуар журналистикэм хигъэхьа материалхэр, Iуащхьэмахуэ журналым тридзахэр, радиожурнал «Пшыналъэ» цIыхухэр дихьэхауэ илъэс бжыгъэкIэ зэдэIуам. Абыхэм «къыхикъузыкIауэ» къыщIэкIынщ «ГушыIэ апщий» пьесэр. КъыжыIэпхъэщ мы комедием адыгэ псалъэжь, псалъэ шэрыуэ куэд тхакIуэм зэрыхигъэхьар. ГъэщIэгъуэнщ мыбы хэт персонажхэм цIыхум и хьэл, и щэн уи пащхьэм къизыгъэувэ «дыхьэшхэн мыхьэнэ къызэрыкI» фIэщыгъэцIэ зэрахуищIыр.

«Ажэгъафэ джэгухэр» зыфIища гушыIэм и персонажхэр ажэгъафэм и фащэм иригъэуващ, а циклыр тху мэхъур, теплъэгъуэ тIощIым щIегъур. ЦIыхухэм хуабжьу ягу ирихьащ Жьэмыгъуэ зыхэт пьесэхэр. Ахэр гъэнщIащ къафэхэмкIэ, гушыIэхэмкIэ, уэрэдхэмкIэ. (Уэрэдхэм языныкъуэм и псалъэхэр езы авторым ейщ, адрейхэр цIыхубэм ящIэ уэрэдхэщ). Мыбы артисткэм и талантыр нэгъэсауэ къигъэлъэгъуэну Iэмал къритащ.

Нэхъ цIэрыIуэ хъуахэм ящыщщ теплъэгъуиблу зэхэт «ГушыIэр гушыIэщ» комедиер. Иужьрей Iыхьэ «Япэ къэсыр зи дотэу лIынэлIыпсэ дотэ» жыхуиIэм хэт Хьэфотэрэ Хьэжбаронрэ куэд зылъэгъуахэщ, тIуми мызэ-мытIэу унагъуэ яухуат, ауэ зэуэзэпсэуи къутэжат. И цIыхугъэхэм я чэнджэщкIэ, Хьэжбарон макIуэ и лIым бгъэдэкIыжауэ и закъуэу псэу Хьэфотэ деж. Абыхэм авторым псалъэ шэрыуэ, IуэрыIуэдз куэд яIурилъхьащ икIи ахэр уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ зэригъэщIэрэщIам а образхэр нэхъри гукъинэж ящIащ. Театреплъхэм псом хуэмыдэжу ягу дыхьащ артистхэу ТIыхъужь Алий, Мэшыкъуэ Феня, ЖьакIэмыхъу КIунэ, ДыщэкI КIунэ сымэ я джэгукIэр.

IутIыж Борис и публицистикэр нэгъэсауэ къэхутакъым. Журналист Iэзэу журналистикэм телэжьа тхакIуэм и Iэдакъэм къыщIэкIащ очерк куэд жылагъуэм и псэукIэм теухуауэ, журнал «Iуащхьэмахуэм» и редактор нэхъыщхьэу щылэжьа илъэсхэм журналым и пщIэр къиIэтащ, абы и зэхэлъыкIэми, и теплъэми щIэ куэд хилъхьащ. Еджэхэм ягу ирихьырт «Хъуэжэ и куэбжэ» рубрикэ къызэIуихар, и гушыIэ рассказхэр, эппиграмэ зэхилъхьэхэр.

Ди литературэдж щIэныгъэм публицистикэ жанрым лей щыхалъхьэ мащIэкъым, ауэ къратхэкI тхыгъэхэр, жылагъуэр зыхуэмыгузавэ Iуэхухэм тещIыхьа хъыбархэр. IутIыж Б. ейхэм авторым жэуап иритыну хэтщ адыгэбзэм, театрым, литературэм и Iуэху зэхэмыбзхэм. Апхуэдэ еплъыкIэ цIыхубэм я пащхьэ иплъхьэн щхьэкIэ Iэзагъым нэмыщIауэ лIыгъи пхэлъын хуейщ, сыту жыпIэмэ ар темыхуэнкIэ хъунущ унафэщIхэр Iуэхум зэреплъым.

Политикэм зыдримыгъэхьэхыу IутIыжым и публицистикэм къыщиIэтыр и щIэныгъэм и IэщIагъэм пыщIа проблемэхэр, ахэр зэгъэзэхуэжа зэрыхъуну Iэмалхэр, чэнджэщхэр ди пащхьэ кърегъэувэр.

Сыт хуэдэ зэмани литературэм пыщIа критикэм арэзы укъищI хабзэкъым. IутIыж Борис мы Iуэхуми хэлъхьэныгъэ хуищIащ, итхащ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм теухуауэ статья Iэджэ. Ахэм теухуауэ «Пщыхьэщхьэ нэбзийхэр» зыфIища тхылъыр къыдигъэкIащ. (2008). Нэхъыбэж ихуащ «Лъэужь» зыфIища тхылъышхуэм (2007). Мыбы и цIэм и мыхьэнэмкIэ къызэщIэпкъуэж хъунущ IутIыж Борис и творчествэм теухуа гупсысэхэр. Шэч хэлъкъым абы адыгэ литературэм, культурэм лъэужьышхуэ къызэрыхинам.

IутIыжым хуэдэу жанр куэдым зи зэфIэкI къэзыгъэлъэгъуа, зи IэдакъэщIэкIхэм сюжет щIэщыгъуэ хэзыпща, адыгэбзэм и зэфIэкIыр лъагэ зыщIа ди культурэм къыщыгъуэтыгъуейщ. Абы итхахэр дяпэкIи хуэлэжьэнущ щIэныгъэми, литературэми, къагъэсэбэпынущ еджапIэхэми, зи лъэпкъым пщIэ хуэзыщI псоми.

Абы и IэдакъэщIэкIхэр къыщебжэкIащ ЩакIуэ М. «Адыгэ литературэм и тхыдэм хуищIа гуэдзэнхэм деж [5, с. 421–423]

## Список использованных источников


1. *Гринберг И.* Три грани лирика. М., I985. 5 с.
2. *Хализев В. Е.* Теория литературы. Высшая школа. М., 2004. 48 с.
3. *Баков Х. И.* Античные мотивы в кабардинской драматургии (трагедия Б. Утижева «Эдип» в критике) // Известия КБНЦ РАН. 2009. № 6(29). С. I44–I52.
4. *Шакова М. К.* Утижев Борис Кунеевич. / Адыгские (Адыгейские, кабардинские, черкеские, черкесского зарубежья) писатели. XIX–XXI вв. Нальчик. Т. 3. 223 с.
5. *ЩакIуэ М. Ку.* Гуэдзэнхэр. Адыгэ литературэм и тхыдэ. Ещанэ тхылъ. Налшык, 2021. 508 н.


Поступила 19.02.2026; одобрена после рецензирования 05.03.2026; принята к публикации 11.03.2026.

Об авторе:

**Баков Хангери Ильясович,** доктор филологических наук, профессор, главный научный сотрудник сектора кабардино-черкесской литературы, Институт гуманитарных исследований Кабардино-Балкарского научного центра Российской академии наук (Нальчик, Россия), действительный член АМАН, Заслуженный деятель науки КЧР, КБР и РА, Почетный работник высшего профессионального образования РФ, лауреат Международной Кандуровской премии, член Союза писателей Российской Федерации, ORCID: https://orcid.org/0000-0002-4194-1718, SPIN-код: 1525-2124, h.bakov@mail.ru

## References


1. *Grinberg I.* Tri grani lirika [Three Facets of Lyrics]. Moscow, 1985. 5 p.
2. *Khalizev V. E.* Teoriya literatury [Theory of Literature]. Higher School. Moscow, 2004. 48 p.
3. *Bakov Kh. I.* Classical motifs in Kabardian drama (B. Utizhev's tragedy "Oedipus"in criticism) // Bulletin of the Kabardian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences. 2009. No. 6(29). Pp. 144–152.
4. *Shakova M. K.* Utizhev Boris Kuneevich. / Adyghe (Adyghe, Kabardian, Circassian, Circassian diaspora) writers. XIX–XXI centuries. Nalchik. Vol. 3. 223 p.
5. *ShchakIue M. Ku.* Guedzenkher. Adyghe literature and tkhyde. Ещанэ тхылъ. Налшык, 202I. 508 p.


Submitted 19.02.2026; approved after reviewing 05.03.2026; accepted for publication 11.03.2026.

About the author:

**Bakov Hangeri Ilyasovich,** Doctor of Philology, Professor, Chief Researcher of the Sector of Kabardino-Circassian Literature, Institute for Humanitarian Studies of the Kabardino-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences (Nalchik, Russia), Full member of IAAS, Honored Scientist of KChR, KBR and RA, Honorary Worker of Higher Professional Education of the Russian Federation, laureate of the International Kandurov Prize, member of the Union of Writers of the Russian Federation, ORCID: https://orcid.org/0000-0002-4194-1718, SPIN-code: 1525-2124, h.bakov@mail.ru